# ҚАРАҚАЛПАҚ-ҚАЗАҚ ӘДЕБИЙ БАЙЛАНЫСЛАРЫ ӘСИРЛЕР ЖЕЛИСИНДЕ

**Куўанышбай Оразымбетов,**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң профессоры, филология илимлериниң докторы. Ч.Айтматов атындағы Қырғыз мәмлекетлик академиясы академиги*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15271759

Қарақалпақ-қазақ халықларының жәмийетлик-мәдений тараўдағы байланыслары ертеден басланады. Орайлық Азия далаларында қыпшақлар үстемлик еткен дәўирлерден баслап бул еки халықтың тәғдири бир-бири менен тығыз байланыста кешти. «Дешти-Қыпшақ» дәўиринде (Х-Х11-әсирлерде), кейин ала Ноғай ордасы дәўиринде де (Х1Y-ХY1-әсирлерде) қарақалпақ ҳәм қазақ халықлары бирдей жәмийетлик-сиясий, экономикалық қатнаста болды. Бир-бири менен қоңсы, аралас жасады. Буннан кейинги дәўирлерде де ҳәр қыйлы феодаллық-патриархаллық, урыўлық-қәўимлик урысларды бирге бастан кеширди. ХY1-ХY111 әсирлердеги қалмақлардың басып алыўшылық-талаўшылық урысларынан еки халық та бирдей азап көрди. Демек, бул халықлардың тарийхый басып өткен жолы оғада жақын болғанлықтанда олардың мәдений-әдебий мийраслары да бир-бирине уқсас екени бар гәп.

Қарақалпақ-қазақ тиллериниң де бир-бирине оғада жақын екени олардың мәденияты менен әдебиятының жақынласыўына алып келди. Х1Y-ХY1-әсирлерде жасаған көп ғана шайыр-жыраўлар (Соппаслы Сыпыра-жыраў, Асан қайғы, Жийренше шешен, Шалкийиз жыраў ҳ.т.б.) бүгинги күнге шекем еки халық әдебиятының ўәкиллери сыпатында үйренилип келинбекте. Демек, бул халықлар бирдей тарийхый-жәмийетлик шараятта өмир сүргениниң және бир дәлили. Қарақалпақ ҳәм қазақлар бир-бириниң мәдениятын, әдебиятын ертеден-ақ үйренип, тәсирленип келген. Мәселен, белгили қазақ илимпазы Ш.Ч.Уалиханов 1840-жылы қарақалпақлар арасына келип көплеген дәстанларды, халық қосықларын, аўыз еки әдебияттың басқа да үлгилерин жазып алады. Ол қарақалпақлардың көркем әдебият ҳәм қосықшылық өнерине жоқары баҳа береди ҳәм: «…қарақалпақлар даладағы биринши шайырлар ҳәм қосықшылар есапланады, кейининен қырғызлар ҳәм түркменлер,»[1] деп жазады. Х1Х әсирде жасаған қарақалпақ классик шайыры Әжинияз қазақлар арасына

[1] Ч.Ч.Валиханов, Сочинения, Записи Русского географического общества, отдел этнографии, т. 29, 1904

барып ағартыўшылық жумысларын алып барған. Ол жерде жазған «Еллерим барды» қосығы бүгинги күнге шекем қарақалпақ классик әдебиятының ең белгили шығармаларының бири болып қалмақта. Буларды қарақалпақ-қазақ мәдений-әдебий байланысларының көринислери сыпатында баҳалаўға болады.

Х1Х-ХХ әсирлерде қарақалпақ-қазақ әдебий байланыслары және де тереңлесип барды. Тили, әдебий дәстүрлери бир-бирине жақын болғанлықтан бирге ямаса бирдей орталықта әдебий шығармалар дөретиў әмелияты пайда болды. Бул шайырлар айтысы көринисинде жүз берди. Мәселен, Әжинияз-Қыз Меңеш, Қулымбет-Әбубакир, Дәме-Мансур, Қулмамбет-Тыным, Улбийке-Жанкел, Алтын-Сейдалы, Тилейберген-Үмбеталы айтыслары буған айқын мысал бола алады. Әжинияз-Қыз Меңеш айтысы еки халық сөз шеберлериниң көркем сөз, өнер жарысының жарқын көриниси. Бул айтыстың 1878-жылы Ташкентте шығатуғын «Туркистан Уалаяты» газетасында жарық көриўи оның көркемлик қунын белгилейди. Айтыста Әжинияз да, Қыз Меңеш те шайырлық мәдениятты ийгерип алған, импровизаторлық өнери жоқары, қарсыласын жеңиў ушын керек болған деталларды өз орнында қоллана алатуғын шайырлар екенин көрсетеди. Айтыстың көлеми кишигирим поэманың көлеминдей. Ол бүгинги күнге шекем айтыс жанры менен шуғылланыўшылар ушын үлги хызметин атқара алады. Бул дәстүр ХХ әсирде де даўам етти. 1935-36-жыллары Қарақалпақстанда дөретиўшилик сапарда болған қазақ шайыры Үмбеталы Қуралаев жас қарақалпақ шайыры Тилеўберген Жумамуратов пенен айтысады. Еки айтыста да халық намысы, аброй-итибары ортаға қойылғандай туйылады. Бирақ шайырлық шеберлик, сүўретлеў, баянлаў усыллары, ҳәзил-ирония, сарказм сыяқлы көркемлеў қураллары мас түсетуғыны көринип турады. Әлбетте, бул айтысларда қайсы халық шайырының жеңгени әҳмийетли емес, ал олардың дөретиўшилик бирге ислесиўи, бир-бириниң тарийхы, үрп-әдети, дәстүри сыяқлы мәселелерди тереңнен билиўи дыққатты тартады. Халық поэзиясының умытылып баратырған бул жанрын бүгинги күнде де раўажланыўы зәрүрдей туйылмақта.

ХХ әсирде жазыўшы-шайырларымыздың дөретиўшилик қарым-қатнас қылыўына және де кең мүмкиншиликлер туўылды. Буған тарийхый, жәмийетлик шараятлар себепши болды. Қарақалпақстанның мәдeният ҳәм әдебият күнлериниң Қазақстанда ҳәм керисинше өтиўи, көпшилик дөретиўшилик ийелериниң тығыз қарым-қатнаста болыўы бундай байланысларға және де көрк берди. Қарақалпақстан ҳаққында, қарақалпақ

халқы ҳаққында көп ғана қазақ жазыўшы-шайырлары шығармалар дөреткен болса, бир қатар қарақалпақ дөретиўшилери қазақ халқының турмысы, үрп-әдет, дәстүрлери туўралы көркем образлар пайда етти. Буған мысал ретинде Нәжим Дәўқараев, Асан Бегим, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Тилеўберген Жумамуратов, Ибрайым Юсупов, Ғалым Сейтназаров, Жийенбай Избасқанов ҳәм басқалардың шығармаларын көрсетиў мүмкин. Бул жағдай әдебияттаныў бағдарында да жүзеге келди. 1951-жылы Қарақалпақстаннан шыққан биринши илим докторы Нәжим Дәўқараев Москвада докторлық диссертациясын жақлағанда оған Муқтар Әўезовтың илимий оппонент болғанын ҳәм қоллап-қуўатлағанын, Зейнулла Қабдолов, Турсынбек Какишев, Заки Ахметов сыяқлы қазақ әдебияттаныўшылары менен Сражатдин Ахметов, Қабыл Мақсетов, Камал Мәмбетов сыяқлы қарақалпақ әдебиятшы-профессорларының тығыз илимий-дөретиўшилик қатнаста болғанын бундай бирге ислесиўдиң жарқын көриниси сыпатында баҳалаўға болады. Сондай-ақ Казақстанда билим алып илим үйренген Нәжим Дәўқараев қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң тийкарын салыўшылардың бири болғанын, Қарақалпақстанда түўылып-өсип, билим алған Төлеген Айбергеновтың Қазақстанға барып үлкен шайыр болып қазақ поэзиясына ылайықлы үлес қосқанын айтып кетпеў мүмкин емес. Илимий, мәдений жақтан бундай қарым-қатнастың бүгинги күни де даўам етип атырғаны қуўанышлы жағдай.

XX әсир қарақалпақ әдебиятының классигине айланған Ибрайым Юсупов дөретиўшилигинде де Қазақстан темасына айрықша итибар берилгенин көремиз. Ол Қазақстан ҳаққындағы ең биринши қосығын еле 1950-жыллары Алма Атада аспирантлық дәўиринде жазды.

Биз муғаллим, Сабыр, Досжан директор,
Директорға есап бермек керекдур,
Алама-Атаның архивинде сарғайып,
Отырыў бул шайыр ушын ҳәлекдур.

Буннан кейинги жыллары шайырдың «Сулыў екен Алма Атаның қызлары», «Мен Абайды ядқа билген халықпан», «Ағайин», «Көкше таў», «Қазақстан», «Қалтайға», «Жигиттиң жетпис көклеми», «Ийшанбай күйи», «Ақын кетип барады» сыяқлы ҳәм басқа да қосықлары Қазақстан темасында жазылды. Шайыр бундай қосықларын үлкен йош пенен дөретти.

Алтын жапырақ, ақ балтырлы қайыңлар,
Шырпыды ма қоңыр гүздиң ызғары,

Бул сөзимди шаўлап көкке жайыңлар,
Сулыў екен Алма атаның қызлары.

Қосықта образлылық жоқары дәрежеде, шайыр ақ қайыңлар менен Алма атаның қызлары образларын қатар қойып сүўретлейди. «Ақ балтырлы қайыңлар» деген сөз дизбегин бөлек алып қарайық. «Ақ балтырлы» сөз дизбеги сулыў қызға карата айтылады. Ал оның қайыңға эпитет сыпатында берилиўи пикир образлылығын және де арттырған. Дарақлар ишинде сулыўлық символы ретинде тилге алынатуғын ақ қайыңға «балтырлы» эпитети және де гөззаллық береди. Шайыр Алма атаның қызларының сулыў екенин сүўретлеў ушын усындай көркемлеў усылына ҳәм қуралына мүрәжәәт еткен. Қосық Алма ата қаласында оқылып қазақ халқына арналғанлықтан да онда қазақша леп, қазақ поэзиясының ырғағы сезилип турады. Ең баслысы қосықта шайырдың туўысқан халыққа, оның қызларына деген жыллы сезими, сүйиспеншилиги көзге тасланады.

Шайырдың «Мен Абайды ядқа билген халықпан» қосығында бизиң мәдений-мәнаўий мийрасларымыздың тийкары жақын, динимиз де, тилимиз де бирдей, түркий рухият суўсынынан қанып ишкен халықлар екенимиз айтылады. ХХ әсирдеги тарийх бизлерди бөлеклеп таслағаны менен түби бир түркий халықлар бир-бириниң мәдениятынан, әдебиятынан жақын хабардар болыў кереклиги, оларды өзиниң рухый байлығындай қәстерлеп сақлаў зәрүрлиги сыяқлы уллы идея бар, бул шығармада.

Дилмашсыз-ақ қазақшаға қаныкпан,
Күй тыңлайық, домбыраңды ала бар.
Сен Абайдың бирер сөзин умытсаң,
Мен айтайын, кел де меннен сорап ал.

Тегимиз бир ерис-арқаў шалысқан,
Мийрим сүтин бир емшектен емискен.
Тар қурсақта тай ғунандай тебискен,
Ханаласым қазақ ели, шарықлаң!
Мен Абайды ядқа билген халықпан.

Бул, шынында да қарақалпаққа да, қазаққа түсиникли поэзия, рухиятына сиңип кеткен түсиниклер. Шайыр әйне, усы уғым-түсиникти қосыққа арқаў етип алады. ХХ әсирдиң 20-жылларында Орайлық Азияда жасаўшы түркий халықлар бир-биримизге жақын болыўымыз керек, деп идея көтерген

жадидшилердиң де тилеги усы еди. Бул қосықты шайыр Ибрайым Юсуповтың шайырлық тили менен усы идеяның қайта жаңғырыўы деп түсинсек дурыс болады. Бүгинги күни Өзбекстан Президенти Ш.М.Мирзиёевтың басламасы менен Орайлық Азияда жасаўшы түркий миллетлер қайтадан жақынласып, қоңсышылық, туўысқанлық байланысларын қайтадан жалғастырып атыр.

**«Сен Абайдың бирер сөзин умытсаң, Мен айтайын, кел де меннен сорап ал»** деген қатарлар арқалы бизиң мәнәўий дүньямыз төркинлери узақта болғаны менен бир мийрим булағынан суў ишкенлигимизди көрсетип береди. Шынында да өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз, қарақалпақ халықлары нешше әсирлер даўамында Орайлық Азия далаларын өзлерине мәкан етип өнип-өсти, дос, туўысқан сыпатында қарым-қатнас қылды. Сонлықтанда олардың бир-бириниң мәдениятын, әдебиятын дилмашсыз-ақ жүректен түсине алыўы, билиўи тәбийий ҳал екенин дана шайыр дурыс ескерткен.

Байлық, дослық, ән-күйдиң үлкесинде,
Миллион жулдыз жымыңлар бир кешинде.
Тоқсан сегиз Бельгия сыйған жердиң,
Кеңлиги бар кеўлинде, иргесинде.

Алтын дән теңизиндей тың гүрлеген,
Алма-ата – алтын сарай гүңгирлеген,
Абайдың әрманлары иске асып,
Қурманғазы мың күй боп гүмбирлеген.

Шайырдың «Қазақстан» деп аталатуғын бул қосығында туўысқан елге деген жыллы муҳаббат сезимлери, оның елин, жерин, адамларын, талантлы дөретиўшилерин жақсы ҳәм жақыннан билетуғыны көзге тасланады. Ҳәр бир елдиң дөретиўшилери өз ўатанын усындай етип мақтаныш тутса, халқының менталитетинен келип шығып пикирлесе, мәдений-рухый байлықларын көзге сүрме ете алса, сол миллеттиң сүйикли перзенти сыпатында тилге алынады. Қарақалпақ шайыры Ибрайым Юсуповтың Қазақстан ҳаққындағы бул поэзиялық шығармасы туўысқанлық, дослықтың рәмзи сыпатында дүньяға келгенине бүгин ҳеш ким шубҳаланбайды.

Жуўмақластырып айтқанда, әсирлер даўамында шыңланып келген қарақалпақ-қазақ мәдений-әдебий байланыслары еле де раўажлана беретуғынына исенимиз кәмил.